



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics Test, Book 2
March 2–6, 2009

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2**

Ane **4**

2–6 mas 2009

Non _____



Developed and published under contract with the New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2009 by the New York State Education Department. Permission is hereby granted for school administrators and educators to reproduce these materials, located online at <http://www.emsc.nysesd.gov/osa>, in the quantities necessary for their school's use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in these publications. This permission does not apply to distribution of these materials, electronically or by other means, other than for school use.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:


- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

31

Tony koupe yon pyebwa an 45 twonson. Li ranje twonson yo an pil ki gen 6 twonson chak, jan yo montre l pi ba a.



Tony fè valè pil li te ka fè. Konbyen twonson li gen ki rete?


Montre travay ou.

Repons _____ twonson

Kontinye

32

Mesye Morris bezwen achte 700 klou pou l konstwi yon pon anbwa pou kay. Magazen an vann klou yo nan bwat ki genyen 100 klou, jan yo montre l pi ba a.



Konbyen **bwat** klou Mesye Morris dwe achte?

Repons _____ bwat

Nan lendi, Mesye Morris itilize egzakteman 3 nan bwat klou yo. Konbyen **klou** Mesye Morris itilize nan lendi?

Repons _____ klou

33

Gen 72 elèv ki chita sou 6 tab nan yon sal kantin. Si gen menm kantite elèv ki chita sou chak tab, konbyen elèv ki genyen sou **chak** tab?

Montre travay ou.

Repons _____ elèv

34

Ane pase, Joshua te pratike karate pandan 112 zèdtan. Brianna te pratike karate pandan 12 zèdtan anmwens ke Joshua.

Sou liy ki anba a, konplete fraz nimerik la ke yo ka itilize pou jwenn nonb dè Brianna te pratike karate.

Fraz Nimerik _____ =

Ki nonb ke an reprezante nan fraz nimerik ou a?

Repons = _____

Kontinye

35


Dan, Jared, ak Kiana jwe jwèt videoyo e yo te anrejistre kantite pwen yo te akimile. Dan te akimile 795 pwen epi Jared te akimile 1.253 pwen. Kantite pwen antotal ke touletwa moun yo te akimile se te 2.830. Konbyen pwen Kiana te akimile?

Montre travay ou.

Repons _____ pwen

36

Linda te trase fòm sa yo ki endike anba a.



Pati A

Trase yon gwo X sou fòm ki anlè yo ki se kwadrilate.

Pati B

Apresa, Linda te trase yon pentagòn. Konbyen kote yon pentagòn genyen?

Repons _____ kote

37

Brett depanse \$3,89 nan fwomaj ak \$2,96 nan pòm nan makèt la. Li bay kesye a \$20,00. Konbyen kòb monnen ki rete pou Brett resevwa?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye

38

Elèv sou ekip pis Kimani a ap antrene pou yon kous. Tablo ki pi ba a montre kantite mil antotal yo te kouri pandan kèk semèn.

MIL EKIP TRACK LA

Semèn	Kantite mil otatal ekip sou pis
2	24
4	36
6	48
8	60
10	?

Si modèl ki nan tablo a kontinye pou de semèn ankò, konbyen mil ekip la pral kouri pandan **Semèn 10**?

Repons _____ mil

Pandan ki semèn ekip la te kouri egzakteman 54 mil?

Repons Semèn _____

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

Kontinye

39

Madàm Marshall te kòmanse fè poupe. Tablo ki pi ba a montre kantite poupe antotal li te anvan fen kat premye semèn yo.

POUPE MADÀM MARSHALL YO

Semèn	Kantite Poupe Antotal
1	3
2	6
3	9
4	12

Si modèl tablo a kontinye, konbyen poupe Madàm Marshall anvan fen **Semèn 6**?

Repons _____ poupe

Sou liy ki anba a, ekri règ yo ka itilize a pou jwenn nonb poupe antotal Madàm Marshall anvan fen nenpòt semèn.

Règ _____

Madàm Marshall vle fè yon total de 30 poupe. Si modèl ki nan tablo a kontinye, nan fen ki semèn èske lap fè 30 poupe?

Repons Semèn _____

RETE LA

Place Student Label Here



**Ane 4
Egzamen Matematik
Liv 2
2–6 mas 2009**

**Grade 4
Mathematics Test
Book 2
March 2–6, 2009**